# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली क अखिल भारतीय आयुर्वेद संस्थान एम्स में उत्तर प्रदेस क रायबरेली, गोरखपुर अउर मेरठ एम्स के साथे देस के बारह हजार आठ सौ पचास करोड़ रूपिया से बेसी लागति वाली कई स्वास्थ्य परियोजना क सौगात दिहलें। प्रधानमंत्री वर्चुअली देस क एगारह स्वास्थ्य संस्थानन में ड्रोन सेवा क सुरूआति कइलें। येहमन उत्तर प्रदेस के रायबरेली जिला क एम्स संस्थान, लखनऊ में आयुष उत्कृष्टता केन्द्र अउर मेरठ में एक सौ पचास करोड़ रूपिया क लागति से बने वाले सौ बिस्तर वाले स्टाफयुक्त ईएसआई अस्पतालो सामिल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मेरठ जिला से वर्चुअली येह समारोह में सामिल भइलें। श्री योगी कहलें कि यूपी में स्वास्थ्य क हर क्षेत्र में आमूल–चूल परिवरतन देखे के मिलल हौ। आजु हर जिला में मेडिकल कॉलेज बनि रहल हौ। ओन्इस सौ सैंतालीस से दुइ हजार सतरह ले यूपी में खाली सतरह मेडिकल कॉलेज बनि पवले रहल, आजु यूपी में चौंसठ जिला में मेडिकल कॉलेज बनि चुकल हौ, चाहे बनि रहल हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु वर्चुअल जरिया से देस भर क एक्यावन हजार चुनल गइल नौजवानन के नियुक्ति पत्र दिहलें। चयनित नौजवान के विभिन्न मंत्रालयन अउर विभागन में केन्द्र सरकार के पदन पर नियुक्त कइल गइल हौ। येह मौका पर प्रदेस क लखनऊ, वाराणसी, बरेली अउर गोरखपुर के साथे देस भर क चालीस जगहिन पर रोजिगार मेला क आयोजन कइल गइल। लखनऊ के इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आयोजित कार्यक्रम में केन्द्रीय राज्य मंत्री जितिन प्रसादो मौजूद रहलें। ओहर बरेली में आयोजित रोजिगार मेला में केन्द्रीय मंत्री बी.एल. वर्मा दुइ सौ तेरह चयनित नौजवानन के नियुक्ति पत्र दिहलें। येही क्रम में गोरखपुर क पूर्वोत्तर रेलवे प्रेक्षागृह में आयोजित कार्यक्रम में केन्द्रीय राज्य मंत्री कमलेश पासवान नौजवानन के नियुक्ति पत्र दे के हौसिला बढ़वलें। ओहीं, बनारस क डीएल डब्ल्यू हातो में रोजिगार मेला में चुनल गइल नौजवानन के नियुक्ति पत्र बांटल गइल।

**मेरा नाम काजल सिंह है। मेरे पिता का नाम श्री राजेश कुमार सिंह है। मै बलिया उत्तर प्रदेश की निवासी हूँ। मै आज यहां 29 अक्टूबर 2024 को अपना नियुक्ति पत्र लेने आई हू और यह नियुक्ति पत्र मुझे बीएसएफ ने कॉन्सटेबल जीडी के पद के लिए मिला है और मैं प्रधानमंत्री मोदी जी का बहुत ही बहुत धन्यबाद करना चाहती हूँ। जिन्होंने रोजगार के इतने सारे अवसर दिये और मै अपने देश के लिए पूरी सत्य निष्ठा से इसकी सेवा करना चाहती हूँ।**

**********

लौह पुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल क एक सौ पचासवीं जयंती अउर राष्ट्रीय एकता दिवस के उपलक्ष्य में रन फॉर यूनिटी क आयोजन आजु लखनऊ में कइल गइल। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने सरकारी आवास से रन फॉर यूनिटी के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। येह आयोजन में सैकड़ो नौजवान, लइके अउर नागरिक लोगि उछाह के साथे हिस्सा लिहलें अउर दौड़ पांच, कालिदास मार्ग से सुरू हो के, के.डी. सिंह बाबू स्टेडियम में पूरा भइल। येही क्रम में मऊ जिला क कलेक्ट्रेट सभागार में सरदार पटेल क जयंती मनावल गइल। येह बिच्चे डीएम ओइजा मौजूद करमचारी लोगिन के एकता क सपथ दियवलें। ओहर महराजगंज में सरदार पटेल क मुरती पर डीएम माला चढ़ा के उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व पर रोसनी डरलें। जौनपुर में डीएम राष्ट्रीय एकता दिवस पर कलेक्ट्रेट करमचारी लोगिन के देस क एकता अउर अखण्डता के अक्षुण्ण रखले क सपथ दियवलें। बहराइच जिला अउर कौशाम्बियो में राष्ट्रीय एकता दिवस पर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइ के सरदार पटेल के यादि कइल गइल।

**********

भगवान राम क नगरी अजोध्या में भव्य दीपोत्सव क आयोजन होखे जा रहल हौ जवन दुनिया में कउनों नद्दी के घाट पर दीया बारे क सज्जो पुरान रेकार्ड तूरि देई। नया विश्व रेकार्ड बनावे बदे पवित्र सरजू के घाटन पर कुलि अट्ठाइस लाख दीया क इंतिजाम कइल गइल हौ। बिहने संझा होखे वाले मुख्य समारोह बदे पूरा सहर क साफ–सफाई अउर सजावट कइल जा रहलि हौ। पूरा अजोध्या नगरी में पैंतीस लाख से बेसी दीया बारल गइले क आगम हौ। गिनिज वर्ल्ड रेकार्ड टीमि क सलाहकार अउर विश्वविद्यालय के गणना समिति क सदस्य लोगिन के अगुआई में तीस लोगिन क एगो टीमि पहिलहीं पचपन घाटन पर सजावल गइल दीयन क गिनती कै लिहले हौ। बिहने रामपथ पर निकरे वाली सोभाजतरा क रिहल्सल कइ के तइयारियन के अन्तिम रूप दीहल गइल। सोभाजतरा में अठारह झांकी सामिल हौ जवन रामायण क सात अध्यायन पर आधारित हौ अउर भगवान राम के पूरा जिनगी के देखावे ले।

**********

प्रदेस में आजु धनवंतरि जयंती क परब सरधा अउर उछाह के माहौल में मनावल जा रहल हौ। एके धनतेरस के रूपो में मनावल जाला। धन क देवी माता लक्ष्मी क पूजा अउर पांच दिन ले चले वाला दीपोत्सव अजुये से सुरू हो जाला। पुरान मान्यता के हिसाबि से धनतेरस पर सोना, चांदी, पीतल अउर तांबा क बरतन खरिदले क रिवाज हौ।

**********

प्रदेस सरकार गोवर्धन पूजा के मौका पर गौसाला में भव्य गो पूजन क आयोजन सुनिस्चित करे बदे निरदेस जारी कइले हौ। निरदेस के हिसाबि से अस्थाई गौसाला, गोसंरक्षण केन्द्र, कान्हा गौसाला अउर कांजी हाउस में जहां निराश्रित गोवंस संरक्षित हौ ओइजा सफाई अउर स्वच्छता के साथे साथ साफ पियले क पानी क उपलब्धतो सुनिस्चित कइल जाई। प्रदेस सरकार सज्जो जिलन क अधिकारियन के निरदेसित कइले हौ कि गोवर्धन पूजा से पहिले येह जगहिन पर बिसेस सफाई अभियान चलावल जाव। ई सुनिस्चित कइल जाई कि पूजा समारोह में जन प्रतिनिधि लोगिन क मौजूदगी हर हालि में हो।

**********